

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Indonésia mangrupa nagara nu kawéntar beunghar ku sélér bangsa jeung budaya. Éta kabeungharan budaya téh tangtuna kudu dimumulé, diriksa jeung dimekarkeun sangkan heunteu tumpur.

Kabudayaan nya éta sakumna kabiasaan manusa dina kahirupan sapopoé jeung alam sabundeureunana nu dicangkem ngaliwatan prosés diajar. Koentjaraningrat (2009: 144), nétélakeun yén kabudayaan téh nya éta “keseluruhan sistem gagasan, tindakan dan hasil karya manusia dalam kehidupan masyarakat yang dijadikan milik diri manusia dengan belajar”. Dumasar kana éta pamadegan, katitén yén sagala rupa pamikiran-pamikiran, laku lampah jeung hasil karya manusa dina kahirupan di lingkungan masarakatna kaasup kana kabudayaan.

Ditilik tina wujudna, kabudayaan miboga tilu wujud kayaning: (1) *ideas*, (2) *activities* jeung (3) *artifacts*. *Ideas* nya éta wujud kabudayaan salaku kumpulan gagasan, ide, norma, papagon-papagon, jsb. *Activities* nya éta wujud kabudayaan salaku *kompleks aktivitas* atawa tingkah paripolah manusa di sabundeureun masarakat. *Artifacts* nya éta wujud fisik kabudayaan nu ngawujud dina pakakas-pakakas jieunan manusa (Koentjaraningrat, 2009: 150). Anapon ditilik tina unsur-unsur pangwanguna, Koentjaraningrat (1985: 2) ngabagi kabudayaan jadi tujuh unsur *universal*, nya éta: (1) sistem réligi jeung upacara kaagamaan, (2) sistem organisasi kamasarakatan, (3) sistem paélman, (4) basa, (5) kasenian, (6) sistem pakasaban jeung (7) sistem téknologi.

Sala sahiji unsur tina tujuh unsur *universal* kabudayaan nya éta kasenian. Kasenian minangka hasil karya manusa pikeun ngébréhkeun kaéndahan tina jero jiwa manusa. Kasenian dijadikeun sarana pikeun nepikeun ajén *éstétis* nu

nyiptakeun éta karya seni ka masarakat salaku *aprésiatorna*. Manusa mikabutuh ayana kasenian, ku kituna kasenian bakal hirup saupama aya pihak-pihak nu ngarojong kana éta kasenian, nya éta *pelaku seni* jeung *aprésiator seni*.

Masarakat Indonésia hususna sélér Sunda miboga rupa-rupa kasenian nu can tangtu dipikawanoh ku anggota masarakatna. Salasahiji kasenian Sunda nya éta Kasenian Goong Rénténg. Kasenian Goong Rénténg nya éta salasahiji kasenian Sunda buhun. Goong Rénténg nya éta sebutan pikeun sagemblengan waditra gamelan has masarakat Sunda nu gelarna geus heubeul. Sahenteuna Goong Rénténg geus dipikawanoh ku masarakat Sunda dina abad ka-16 (Kurnia & Nalan, 2003: 35).

Numutkeun Jaap Kunst dina Kurnia & Nalan (2003: 35), kasenian Goong Rénténg ayana di wilayah Cileunyi (Kab. Bandung), Cikebo (Tanjungsari, Kab. Sumedang), Lebakwangi (Pameungpeuk, Kab. Bandung), Karaton Kanoman (Cirebon). Lian ti éta, kasenian Goong Rénténg bisa kapaluruh di wewengkon Cigugur (Kab. Kuningan), Talaga (Kab. Majalengka), Ciwaru (Ds. Cisarua, Kab. Sumedang) Tambi (Kab. Indramayu), Mayung Suranengah jeung Tegalan (Cirebon).

Waditra nu dipaké dina kasenian Goong Rénténg teu sarua antara nu hiji jeung nu lianna, kitu deui tembang-tembang atawa gending-gendingna jeung surupan larasna. Contona waé, Atmadibrata (1977: 61) ngawincik waditra kasenian Goong Rénténg dumasar kana daérah sumebarna ieu kasenian. Dina kasenian Goong Rénténg nu aya di daérah Lebak Wangi, waditra nu dipakéna nya éta: (1) bonang, (2) cécémprés, (3) jenglong, (4) kendang, (5) béri jeung (6) goong rénténg dua siki. Sedengkeun kasenian Goong Rénténg di daérah Guradog Banten waditra nu dipakéna nya éta: (1) koromong 12 siki, (2) saron genep wilah, (3) jenglong, (4) goong gedé dua siki jeung (5) kendang sarta kulantér.

Sala sahiji rombongan kasenian Goong Rénténg nu masih kénéh ngamumulé, ngariksa jeung ngamekarkeun kasenian Goong Rénténg nya éta rombongan kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kabupatén Sumedang. Kasenian Goong Rénténg di Désa Cisarua biasa dipagelarkeun dina **Usep Nandang, 2013**

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang
Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII

tanggal 12 Mulud, 14 Rewah, 10 Rayagung jeung 1 Syawal. Dipagelarkeuna ieu kasenian minangka sarana pikeun ngareuah-reuah jeung miéling poé dibabarkeunana Nabi Muhammad saw. ogé mangrupa sarana pikeun ngébréhkeun rasa sukur ka Allah swt. Dina prak-prakanana, kasenian Goong Rénténg nu nu aya di Désa Cisarua mangrupa gabungan dina seni musik jeung seni tari nu gumulung jadi hiji beungkeutan seni tradisional.

Salian ti unsur kasenianana, kasenian Goong Rénténg miboga unsur séjén nu bisa dipedar nya éta ajén filosofisna. Naon-naon nu nyampak dina kasenian Goong Rénténg tangtuna miboga maksud jeung udagan nu disilokakeun ngaliwatan simbol-simbol. Aya kahariwang saupama maksud jeung udagan nu disilokakeun ngaliwatan simbol-simbol teu kaguar jeung teu katepikeun ka balaréa, ngurangan kana nilai sakral kasenian Goong Rénténg. Éta hal didadasaran kana kaayaan kasenian Goong Rénténg nu kiwari teu pati *populer* dikalangan masarakat umum. Ieu kasenian ngan saukur dipikawanoh ku sabagéan masarakat, utamana masarakat adat jeung rombongan kasenian Goong Rénténg wungkul.

Pikeun nyangkem ma'na nu nyangkaruk dina simbol-simbol nu nyampak dina kasenian Goong Rénténg perlu dilaksanakeun panalungtikan pikeun nyurahan tanda-tandana. Anapon widang paélmuan nu dijadikeun sisindekelan pikeun nyurahan ma'na-ma'na simbolik nya éta semiotik.

Panalungtikan saacana ngeunaan kasenian Goong Rénténg nya éta:

- 1) *Khasanah Kesenian Jawa Barat* (buku) karangan Enoch Atmadibrata nu ngabahas ngeunaan kasenian-kasenian nu aya di Jawa Barat kaasup kasenian Goong Rénténg sacara umum;
- 2) *Deskripsi Kesenian Jawa Barat* (buku) karangan Ganjar Kurnia jeung Artur S. Nalan nu ngabahas ngeunaan kasenian-kasenian nu aya di Jawa Barat kaasup kasenian Goong Rénténg sacara umum;
- 3) *Pembelajaran Gambang Koromong sebagai Upaya Pewarisan Nilai-nilai Budaya Lokal di SMPN 1 Rancakalong Kab. Sumedang*. Ieu tulisan mangrupa hasil panalungtikan Romy Hidayat Sutisna dina wangun tesis. Eusina ngabahas kasenian Goong Koromong nu aya di daérah Rancakalong Kab. Usep Nandang, 2013

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang
Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII

Sumedang. Goong Koromong mindeng disaruakeun jeung Goong Rénténg. Nu jadi bahasanana nya éta dina segi musikalitas jeung aplikasi dina pembelajaran seni musik jeung

- 4) *Perkembangan Kesenian Goong Rénténg Embah Bandong Kec. Arjasari Kab. Bandung Pada Tahun 1983-2004*. Ieu tulisan mangrupa hasil panalungtikan Karimudin Keri Ahmad dina wangun skripsi. Eusina mangrupa tilikan *historis* atawa kasajarahana kasenian Goong Rénténg Embah Bandong.

Dumasar katerangan di luhur, kasenian Goong Rénténg hususna nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang saupama ditilik dina segi filosofis simbol-simbolna can aya nu nalungtik.

Saréngsena ngaguar ma'na-ma'na simbolik nu nyampak dina kasenian Goong Rénténg, panulis miboga karep pikeun nyieun tulisan ngeunaan ieu kasenian anu satuluyna bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran. Pangajaran ngeunaan kasenian nyampak dina SKKD SMA kelas XII. Ku kituna, ieu panalungtikan nu dijudulan "*Simbol-simbol Kasenian Goong Rénténg di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca Kelas XII : Ulikan Semiotik*" perlu dilaksanakeun. Ieu hal mangrupa salasahiji tarékah dina ngamumulé, ngariksa jeung ngamékarkeun kasenian Sunda hususna kasenian Goong Rénténg sangkan heunteu tumpur.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Pedaran ngeunaan unsur budaya dina kasenian Goong Rénténg téh lega pisan. Masalah nu baris dipedar dina ieu panalungtikan nya éta sajarah/ asal-usul, gembengan prak-prakan, simbol-simbol dina pakakas (*property*) nu digunakeun jeung ajén falsafah nu nyampak dina kasenian Gong Rénténg di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang.

Usep Nandang, 2013

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang
Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII

1.2.2 Rumusan Masalah

Dina unggal panalungtikan tangtuna aya masalah-masalah nu baris diguar. Rumusan masalah dipiharep jadi pituduh pikeun ngumpulkeun data. Dumasar kana idéntifikasi masalah, aya sawatara rumusan masalah nu disusun dina wangun patalékan saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha asal-usul kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang?
- 2) Kumaha prak-prakan kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang?
- 3) Pakakas (*property*) naon waé nu digunakeun dina kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang?
- 4) Ajén falsafah naon waé nu nyangkaruk dina simbol-simbol kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang?
- 5) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca di kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalahna, ieu panalungtikan miboga tujuan umum, nya éta pikeun numuwuhkeun jeung ngariksa budaya tur kasenian nu aya di masarakat Sunda, hususna kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang.

1.3.2 Tujuan Husus

Usep Nandang, 2013

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Smedang
Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII

Sacara husus ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Asal-usul kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang.
- 2) Prak-prakan kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang.
- 3) Pakakas (*property*) naon waé nu digunakeun dina kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang.
- 4) Ajén falsafah nu nyangkaruk dina simbol-simbol kasenian Goong Rénténg nu aya di Désa Cisarua Kacamatan Cisarua Kabupatén Sumedang, jeung:
- 5) Ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca di kelas XII.

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

- 1) Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngabeungharan panalungtikan jeung pangaweruh ngeunaan kasenian.

1.4.2 Manfaat Praktis

- 1) Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh ngeunaan simbol/ma'na jeung ajén falsafah nu nyangkaruk dina kasenian.
- 2) Nambahan pangaweruh siswa kana kasenian Sunda.
- 3) Pikeun guru, bisa dimangpaatkeun jadi pangdeudeul pangajaran kasenian jeung budaya Sunda di sakola.

1.5 Struktur Organisasi Skripsi

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab 1 mangrupa bubuka, eusina ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang tina masalah anu bakal ditalungtik, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sarta struktur organisasi dina ieu skripsi.

Usep Nandang, 2013

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Smedang
Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII

Bab II mangrupa bagian skripsi anu ngébréhkeun téori-téori ngeunaan falsafah, kabudayaan, kasenian, Goong Rénténg, sémiotik jeung bahan ajar.

Bab III mangrupa bagian skripsi anu ngébréhkeun ngeunaan métodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan, boh métode panalungtikan boh prak-prakan ngolah data tina hasil panalungtikan, désain panalungtikan, wangenan operasional, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, sarta prosedur dina ieu panalungtikan.

Bab IV mangrupa bagian skripsi anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, anu ngawengku prak-prakan panalungtikan, ngaalisis data hasil panalungtikan, jeung medar ngeunaan ajén falsafah nu nyangkaruk dina simbol-simbol kasenian Goong Rénténg pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca kelas XII.

Bab V mangrupa bagian skripsi anu ngadéskripsikeun kacindekan jeung saran panalungtikan, anu ngawengku kacindekan jeung saran.

Usep Nandang, 2013

Simbol-Simbol Kesenian Goong Renteng Di Desa Cisarua Kecamatan Cisarua Kabupaten Semedang
Pikeun Bahan Pengajaran Maca Kelas XII